

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novél mangrupa salasihiji wangun karya sastra anu geus dipikawanoh ku masarakat, umumna dijamin kiwari. Sastra téh karya seni anu digelarkeunna ngagunakeun alat basa. Dijieunna karya sastra euweuh watesan ngan bisa diwatesan ku imajinasi si panulis dina ngébréhkeun pamikiranna (Isnendes, 2010, kc. 16). Nurutkeun Eagleton (dina Dewojati, 2021, kc. 2), nétélakeun yén karya sastra mangrupa karya tulisan anu sifatna imajinatif, carita rékaan anu teu bisa dianggap bener sacara harfiah. Karya sastra mangrupa karya imajinatif atawa fiktif anu ngagunakeun medium basa tur miboga ajén éstétik anu luhung (Wellek jeung Waren dina Dewojati, 2021, kc. 2). Dumasar kana tiori anu geus dipedar di luhur bisa dicindekkeun yén karya sastra téh mangrupa karya anu diwatesan ku imajinasi pangarangna. Ku kituna, karya sastra teu bisa dianggap bener sacara harfiah tapi sanajan kitu, karya sastra oge miboga ajén éstétik anu luhung tur ngagunakeun basa pikeun jadi médiumna.

Dumasar kana wangunna, karya sastra téh bisa dipasing-pasing deui kana wangun puisi, prosa, jeung drama. Dumasar kana wandana, wangun karya sastra dipasing-pasing deui jadi puisi heubeul jeung anyar, prosa heubeul jeung modéren, jeung drama tradisional jeung drama modéren (Wuryani, 2017, kc. 90). Tina pedaran éta bisa katitén yén réa pisan karya sastra téh, hususna dina basa Sunda. Kamekaran karya sastra Sunda anu réa sumebarna di masarakat nyaéta prosa jeung puisi. Sawatara contona dina prosa atawa osok ogé disebut wangun lancar anu aya dongéng jeung carita wayang tur dina wangun puisi atawa osok disebut ogé wangun ugeran anu aya wawacan, sisindiran jeung carita pantun. Di dieu wangun puisi leuwih réa jenisna tibatan wangun prosa malah mandar kaayeunakeun sumebar ogé karya sastra dina wangun drama, salasihiji judul naskah drama anu kasohor aya *Hutbah Munggaran Di Pajajaran*.

Nurutkeun Hoarce (dina Rosyanti, 2017, kc. 182), fungsi karya sastra nyaéta *dulce utile* anu hartina éndah jeung miboga mangpaat. Kaéndahan anu aya dina

karya sastra nyaéta bisa ngagumbirakeun pamacana, ngagumbirakeun di dieu miboga harti pikeun jadi hiburan kanu macana tina segi basana, cara nyajikeunna, atawa tina jalan caritana. Mangpaat di dieu miboga harti karya sastra téh bisa dicokot élmu pangaweruh jeung ajén-inajén anu aya di jero karya sastra.

Ku kituna dina ngabahas atawa nalungtik hiji karya sastra ogé moal béakkeun, sabab loba pisan aspék-aspék anu bisa dibahas boh tina aspék struktural, sémiotik, ajén atikan, jst. Dina wanda karya sastra wangun prosa anu pang kasohor jeung paling dipikaresep ku masarakat téh nyaéta wangun novél. Novél mangrupa prosa rékaan fiksi nu naratif, umumna panjang sarta galur caritana atawa plotna kompléks (Iskandarwassid, 2003, kc. 93). Salasahiji aspék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngeunaan ajén atikan moral dina novél, nurutkeun Danadibrata (2015, kc. 9), kecap ajén nyaéta ringkesan tina kecap ajian. Hartina, aya ajianna, boga ajian atawa jampé pikeun supaya dipihormat. Tur kecap atikan téh hartina pangajaran kana jalan kahadéan (Danadibrata, 2015, kc. 39). Jeung kecap moral hartina tabéat, watek, budi pekerti atawa lakulampah sasama jalma (Danadibrata, 2015, kc. 445). Jadi, ajén atikan moral téh nyaéta lakulampah atawa budi pekerti dina kahirupan sapopoé anu bisa mawa urang kana kahadéan jeung gedé mangpaatna pikeun nyampurnakeun hirup anu saluyu jeung aturan atawa norma anu aya di masarakat.

Dina kahirupan masarakat karya sastra biasana dipaké pikeun sarana hiburan jeung sarana informasi, tur bisa waé pikeun sarana nepikeun sajarah jaman baheula. Di dunya kasusastraan Sunda réa pisan karya sastra anu eusina nyaritakeun sajarah-sajarah jaman baheula, salasahijina sajarah tina tokoh pawayangan. Hiji karya sastra anu nyaritakeun sajarah pawayangan téh nyaéta *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto anu dumasar kana carita *Wayang Mahabarata*, eusi tina ieu novél nyaritakeun kahirupan jeung béntrokna Pandawa jeung Kurawa. Ieu novél *Pandawa Dikakala* téh dijadikeun objék panalungtikan anu utama. Panalungtik nyokot novél éta novél lantaran ieu novél téh kawilang novél anu alus tur loba pisan ajén-inajén anu aya di jero eisina tur cara pangarang nepikeun ajénna téh pinter pisan, ku cara ngaliwatan narasi-narasasi jeung gaya basa anu jadi cirihas Hidayat

Budi Purnomo, 2023

AJÉN ATIKAN DINA NOVÉL PANDAWA DIKAKALA KARYA HIDAYAT SOESANTO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Univesitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Soesanto. Sajaba ti éta ogé pangarang milih éta novél téh lantaran can aya anu nalungtik dina panalungtikan-panalungtikan saméméhna.

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar ajén atikan moral anu aya dina novél *Pandawa Dikakala* anu ngawengku ajén moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka dirina, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa kana waktu, moral manusa ka alam jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah batiniah anu digambarkeun ku sikap jeung paripolah karakter Bima jeung dulur-dulurna pikeun jadi conto dina kahirupan masarakat sapopoé.

Salian tina medar ajén atikan dina novél *Pandawa Dikakala*, tapi dina ieu panalungtikan baris ogé dipedar ngeunaan stuktural novélina. Prakna lamun ngabahas hiji karya sastra moal bisa leupas tina pamarekan struktural. Isnendes (2010, kc. 91) nétélakeun yén karya sastra mangrupa strukur anu otonom. Ku sabab éta, urang kudu ngaguar unsur-unsur strukturalisme, sangkan bisa nyangkem maksud tina eusi anu sagemlengna. Sangkan maham kabéh eusi sacara sampurna urang kudu apal kana unsur caritaan anu eusina téh ngawengku téma, fakta carita, (alur, tokoh, latar) jeung sarana carita (sudut pandang, gayabasa jeung suasana). Sabada diulik jeung diguar ngeunaan ajén atikan jeung struktur novélina ti dinya dipatalikeun kana bahan pangajaran maca di SMP kelas XI. Hasil tina panalungtikan ieu téh dipatalikeun jeung pangajaran maca di SMP hususna kelas XI lantaran aya kasaluyuan antara novél jeung KI KD anu aya dina kurikulum merdéka nyaéta menganalisis isi, struktur, dan unsur kebahasaan novel. Didieu novél *Pandawa Dikakala* téh miboga unsur interinsik jeung éksterinsik anu sampurna jeung babari dipikaharti keur siswa kelas XI.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha struktur carita (téma, fakta, jeung sarana carita) anu nyangkaruk dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat soesanto?
- b. Ajén atikan moral naon waé anu nyampak dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto?

Budi Purnomo, 2023

AJÉN ATIKAN DINA NOVÉL PANDAWA DIKAKALA KARYA HIDAYAT SOESANTO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Univesitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. Kumaha larapna novél *Pandawa Dikakala* pikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang jeung rumusan masalah anu geus dipedar, dina ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum panalungtikan ieu miboga tujuan umum pikeun ngadéskripsikeun struktur caritaan jeung ajén atikan anu yampak dina novél *Pandawa Dikakala*, anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca di SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. struktur carita novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto;
- b. ajén atikan moral anu aya dina novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto;
- c. larapna novél *Pandawa Dikakala* karya Hidayat Soesanto pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan boga dua mangpaat nyaéta mangpaat tioritis, jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dipiharep ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun dadasar mikaweruh kana unsur caritaan anu aya dina karya sastra, sarta bisa nambahan kabeungharan panalungtikan dina widang ulikan karya sastra husus na dina ulukan struktural. Hasil tina ieu panalungtikan ogé bisa kapaluruh ajén atikan moral dina salasahiji karya sastra, sarta bisa jadi référénsi bahan ajar pikeun guru.

Budi Purnomo, 2023

AJÉN ATIKAN DINA NOVÉL PANDAWA DIKAKALA KARYA HIDAYAT SOESANTO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Univesitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih jéntré mangpaat praktis dina ieu panalungtikan bisa diwincik jadi sawatara bagian, di antarana:

- a. pikeun anu nalungtik, bisa jadi bahan référénsi pikeun panalungtikan satuluyna anu patalina jeung ajén atikan dina novél *Pandawa Dikakala* karya hidayat Soesanto (ulikan struktural)
- b. pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun karesep dina widang kasusastraan jeung bisa nanjeurkeun terus kasusastraan Sunda sangkan teu tilem ku kasusastraan séjén.
- c. pikeun anu maca, méré pangaweruh dina hasil karya sastra hususna dina ajén-inajén anu aya dina novél *Pandawa Dikakala* karya hidayat Soesanto.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun dina lima bab. Raraga tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir, medar tiori anu aya patalina jeung paalungtikan.

Bab III Metode Panalungtikan, ngawegku desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajelaskeun jeung ngadéskripsikeun ngeunaan struktur caritaan novél *Pandawa Dikakala*, ajén atikan dina novél *Pandawa Dikakala*, jeung kumaha larapna novél *Pandawa Dikakala* pikeun bahan pangajaran.

Bab V Kacindekan jeung Saran, ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.